

## Deklarasyon Dwa Moun ki Viktim



### Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon egzamen legal kit ou te fè rapò bay otorite legal yo ou pa
- Jwenn yon defansè akonpaye w nan egzamen mediko-legal la
- Fè yo voye fè tès sou egzamen mediko-legal la nan entèval 30 jou, si ou te fè rapò bay otorite legal yo
- Revize rapò otorite legal yo avan ou soumèt dokiman final la
- Jwenn enfòmasyon, prezante, epi jwenn moun pou tande w pandan tout etap krisyal nan pouswit penal oswa pou minè an
- Gen yon defansè avèk ou pandan yon depo pyès a konviksyon
- Kenbe enfòmasyon ki ka idantifye w yo konsènan investigasyon kriminèl la konfidansyèl
- Fè tès VIH ak epatit pou agresè a, si li kondane
- Asiste seyans santans oswa desizyon kont agresè a
- Notifikasyon sou pwosedi jidisyèl ak chanjman orè yo
- Notifikasyon konsènan liberasyon agresè ki te nan prizon
- Mande restitasyon
- Bay yon deklarasyon enpak sou viktim nan
- Pa oblije pase tès poligrafi (deteksyon manti)
- Pou pran jiska 3 jou absans peye nan travay (ak anplwayè ki elijib)
- Aplike pou yon entèdiksyon si ou gen krent pou sekirite w oswa agresè ap pwoche ak liberasyon li

## Dedomajman Viktim



### Ou ka elijib pou asistans finansyèl pou:

- Swen medikal
- Si w pèdi salè
- Sèvis swen sante mantal
- Demenajman
- Lòt depans ki an rapò ak dega krim lan koze

### Kontakte sant ed pou viktim vyòl sètifye nan zòn ou pou plis enfòmasyon.

Pwojè sa a gen sipò Sibvansyon No 2014-WF-AX-0007 ki soti nan Biwo sou Vyolans kont Fanm lan, Depatman Lajistis Ameriken. Opinyon, rezilta, konklizyon ak rekòmandasyon ki ekspriye nan piblikasyon sa angaje otè a(yo) sèlman men yo pa nesèsman reflekte pozisyon Depatman Lajistis, Biwo sou Vyolans Kont Fanm.

## Resous

**Florida Council Against Sexual Violence  
(Konsèy Florid Kont Vyolans Seksyèl)**  
1-888-956-7273  
[www.fcasv.org](http://www.fcasv.org)


**Dedomajman Viktim**  
1-800-226-6667  
[www.myfloridalegal.com](http://www.myfloridalegal.com)

**Depatman Lapolis Florid  
(Florida Department of Law Enforcement)**  
Inite Kadèjakè/ Predatè  
1-888-357-7332; 1-850-410-8572  
Pou Jwen Aksè nan TTY: 1-877-414-7234  
E-mail: [sexpred@fdle.state.fl.us](mailto:sexpred@fdle.state.fl.us)

**Depatman Koreksyon Florid Enfòmasyon  
Viktim ak Notifikasyon Chak Jou  
(Victim Information and Notification Everyday,  
VINE)**  
1-877-VINE-4-FL  
[www.dc.state.fl.us/oth/victasst/index.html](http://www.dc.state.fl.us/oth/victasst/index.html)

**Liy Asistans Florid pou Viktim Abi**  
1-800-962-2873

### Sant Ed pou Viktim Vyòl Lokal



# Abi Seksyèl

Dwa ak Sèvis ou yo

Si ou se viktim yon agresyon seksyèl, ou gen sèten dwa. W ap jwenn sèvis sipò gratis tou kèlkeswa si wi ou non ou kontinye ak pouswit penal la.

**Rele 1-888-956-7273 pou yo refere w bay sèvis lokal yo.**

## Wap jwenn èd



Viktim atak seksyèl bezwen konpasyon, sansiblite ak senpati. Li ka akablan pou yon moun ki viktim yon krim. Reyaksyon ou yo nòmal. Sant èd pou viktim kadejak sètifye yo gen defansè ki la pou ede tout viktim, **kit yo te rapòte bay otorite legal yo ou pa**. Sèvis yo gratis epi konfidansyèl - **yo fè sant èd pou viktim kadejak sètifye obligation legal ak etik pou yo pwoteje konfidansyalite w, sof si ou otorize yo, alekri, pataje enfòmasyon w yo**.

W ap jwenn defansè pou:

- Fè entèvansyon nan sityasyon kriz
- Pale ak ou sou liy ijans gratis 24 sou 24 la
- Diskite de opsyon ou yo
- Ede w jwenn resous ki disponib yo
- Ale nan randevou yo avèk ou
- Adrese tout sousi konsènan sekirite
- Pran defans ou
- Ede ou fè deman pou dedomajman viktim

## Agresyon Seksyèl se yon Krim!




Nan Florid, tèm legal pou kadejak oswa agresyon seksyèl se vwadefè seksyèl (F.S. 794.011). Vwadefè seksyèl vle di penetrasyon nan bouch, nan dèyè, oswa nan vajen, oswa ansanm, ògàn seksyèl yon lòt moun oswa penetrasyon yon lòt moun nan dèyè oswa nan vajen avèk nenpòt objè, ki te fèt san konsantman w.

Konsantman vle di ou aksepte ak tout entelijans ou, konesans ou ak volonte w san pa genyen presyon pou fòse w aksepte. **Si ou pa fè okenn rezistans fizik devan agresè a sa pa vle di ou konsanti.**

Yon moun ki gen pi piti pase 16 lane pa ka konsanti legalman pou fè sèks. Epitou, yon moun 24 lane oswa ki pi gran oswa yon moun nan fanmi oswa ki responsab pou pwoteje pa ka resevwa konsantman yon minè 16 ak 17 lane.

## Egzamen Mediko Legal



### Kisa yon egzamen mediko-legal ye?

Egzamen mediko-legal la se yon egzamen depi nan tèt rive nan pye pou kolekte eleman prèv epi tcheke tout lezyon apre yon atak seksyèl.

### Ki dwa mwen genyen nan zafè egzamen an?

- Sispann egzamen an nan nenpòt moman
- Mande yon defansè nan yon sant èd pou viktim vyòl akonpaye w
- Jwenn enfòmasyon sou kondisyon echantiyon an pandan pwosedi a

### Ki eleman prèv yo kolekte?

Pandan egzamen an, pwofesyonèl medikal la ka kolekte san, pipi, saliv, pwèl yo pran sou devan wak/oswa echantiyon zong. Yo ka kolekte lòt bagay sou rad ou tou. Y ap poze w kesyon konsènan krim lan ak istwa medikal ou yon fason pou ede yo kolekte prèv.

### Kisa k pase avèk eleman prèv lan?

Si ou fè yon rapò bay otorite legal yo, y ap voye echantiyon w lan nan laboratwa rejyonal oswa ki kouvri tout leta a nan espas 30 jou pou teste l. Yo egzije laboratwa a teste echantiyon an nan espas 120 jou.

Si ou pa rapòte krim lan bay otorite legal yo nan moman ou fè egzamen an, y ap konsève echantiyon w lan anonim. Echantiyon wlan ka stoke pou sèlman yon limite tan, tou depann de espas depo kominote ou a. Sant èd lokal pou viktim kadejak la ka ba ou konsèy konsènan delè estokaj nan kominote w la.

## Èske y ap preskri m medikaman?

Pwofesyonèl medikal la ka founi w medikaman pou prevansyon VIH. Epitou, ou ka anmezi pou resevwa kontrasepyon an ijans si ou panse ou ka tonbe ansent akòz krim lan. Si pwofesyonèl medical la pa kapab oswa pa vle asiste w, sant èd lokal pou viktim kadejak la ka asiste w. Ou ka responsab pou peye pou medikaman ak lòt depans pou swen sante.

Dapre lalwa, founisè swen medikal **pa ka fè ou peye** pou yon egzamen, menm si ou gen asirans ak menm si ou pa rapòte krim nan bay lapolis.

### MIT/REYALITE

**MIT:** Se sèlman yon etranje ki ka fè kadejak sou ou.

**REYALITE:** Pi fò agresè yo se moun viktim lan konnen. Se yon moun ki pa yon etranje ki te komèt 82% nan agresyon seksyèl yo. Se yon zanmi oswa yon konesans ki te komèt 47% nan agresyon yo.

**MIT:** Se sèlman fanm ki sibi kadejak.

**REYALITE:** 1 pami 5 gason te viktim yon krim seksyèl epi yo elijib pou sèvis nan sant èd pou viktim kadejak nan Florid.

**MIT:** M pa te defann mwen, sa vledi se pa yon krim.

**REYALITE:** Yon agresè ka sibi arestasyon menm si ou pa te reziste fizikman. Pa defann tèt ou pa vledi ou konsanti!

### REYAKSYON NATIRÈL

Pa gen "bon" fason pou ou santi w apre yon agresyon. Viktim yo ka fè eksperyans divès reyaksyon, tankou:

- Rejè
- Chòk
- Kòlè
- Konfizyon
- Krent
- Anksyete